

© 2001 Rose Stair Goodman. Cover art, Edwin B. Wallace. Meryl Esenwein, art above and on pages 10, 12, 14, 16, 27, 29, 39, 41, 42, 44, 46, 47, en 48. The Bible text used is from "Pawol Bondye" an Ayisyen © Societe Biblique Haitienne, Edition Corrigée 1998 - United Bible Societies. Permission granted by American Bible Society.

**BONDYE TE KREYE LEMONN 1  
AK TOU SA-K LADAN-L**

Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a. —Jenèz 1:1

Se ak li Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè. —Kolosyen 1:16a

Se pou Senyè a ki fè syèl la ak latè a voye benediksyon li sou nou! Syèl la se pou Senyè a li ye. Li bay moun latè pou yo. —Sòm 115:15, 16

Latè te kòrèk nèt, lè Bondye te bay lòm li. Li ti trete sa pou wè sa-k te rive.

**2 BONDYE TE KREYE NOU**



Bondye di ankò: Ann fè moun. N'ap fè l pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. L'a gen pouvwa [gouvène]... sou tout latè. —Jenèz 1:26a

**NONM LAN TE VIN YON NANM VIVAN 3**

Lè sa a, Senyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè yon nonm. Li soufle nan twou nen nonm lan pou l ba li lavi. Epi nonm lan vin [yon nanm] vivan.\* —Jenèz 2:7

Senyè a, Bondye a, di ankò: Sa pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M'ap fè yon lòt moun sanble avè l pou ede l. Lè sa a, Senyè a, Bondye a, fè dòmi pran nonm lan. Mesye dòmi nèt ale. Pandan l'ap dòmi an, Bondye louvri bò kòt li, li wete yon zo kòt. Apre sa, li fèmen twou a byen fèmen. Avèk zo kòt li te wete nan nonm lan, li fè yon fanm, li mennen l ba li.

—Jenèz 2:18a, 21, 22

\*Yon nanm vivan vle di nou va viv yon kote pou tout tan.

#### 4 ADAN AK EV TE DEZOBEYI BONDYE



Nou pa dwe janm obeyi vwa Satan.

Senyè a, Bondye a, pran nonm lan, li mete l nan jaden Edenn lan pou l travay li, pou l pran swen l. Senyè a, Bondye a, bay nonm lan lòd sa a: — Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l, w'ap mouri. —Jenèz 2:15-17

SEPAN AN, KE YO RELE TOU LEDYAB OU SATAN, TE KESYONE OTORITE BONDYE E LI TE BAY YO MANTI.

Lè sa a, sèpan an di fanm lan: Se pa vre. Nou p'ap mouri kras. Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta manje ladan l pou je l ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l ki manje tou. —Jenèz 3:4, 6

#### 6 ADAN AK EV PAT KA RETE NAN JADEN AN ANKO



Senyè a, Bondye a, mete Adan deyò nan jaden Edenn lan. Li voye l al travay tè, menm tè Bondye te pran pou fè l la. Li mete kèk zanj cheriben ak yon manchèt klere kou dife nan men yo... pou anpeche moun pwoche bò pyebwa ki bay lavi a. —Jenèz 3:23b, 24b

#### SE TE YON JOU TRIS POU RAS LOM NAN, LE ADAN AK EV TE PECHE 7



Se poutèt yon sèl moun peche antre sou latè. Peche a louvri pòt pou lanmò. Se konsa lanmò vin pou tout moun. —Women 5:12a

Yon Bagay Pou Moun Sonje

Tout moun fèt ak nati peche a, e va mouri yon jou, paske lanmò vini ak peche. (Li Women 5:12 ankò.)

#### 8 PLAN BONDYE POU SOVE NOU ANBA PECHE SE VOYE YON SEL PITIT LI A



Pou antre nan ras lòm nan, Pitit Bondye a te dwe vini kòm yon ti bebe.

Se nan lavi Kris la t'ap mennen nan kò li a nou jwenn tou sa Bondye ye. —Kolosyen 2:9

Li pral fè yon pitit gason. W'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo. —Matye 1:21

#### JEZI SE BONDYE NAN FOM LOM 9

Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou. —Jan 1:1, 14a

Tout sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l te di: Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Y'a rele l Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.) —Matye 1:22, 23

Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l: Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap bay kè poze a! —Ezayi 9:6

## 10 JEZIKRI — SAKRIFIS PAFE NOU AN

... Kris la pat janm fè okenn peche.... —2 Korent 5:21



**Li pat janm fè okenn peche.** —1 Pyè 2:22a

Okenn sakrifis (ofrann) lòm te kab fè, pa tap PAFE ase pou efase peche.

**Paske san bouk ak san jenn towò bèf p'ap janm ka wete peche moun.** —Ebre 10:4b

Jezi se mouton Bondye a. **Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou tout latè.** —Jan 1:29b

## JEZI TE BAY VI LI POU SOVE NOU 11

Yo te kloure Jezi sou yon kwa an bwa, paske moun mechan yo te rayi Li. Men sete volonte Bondye, pou Li te mouri. Jezi te ofri lavi Li pou sove ou ak mwen anba peche. Jezi te di: **Pèsonn pa ka wete lavi m, se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m bay li, mwen gen pouvwa pou m resevwa l ankò.** —Jan 10:18a

**NOU RACHTE AK SAN MOUTON BONDYE A**  
Se pat avèk bagay ki ka pèdi valè yo tankou lajan ak lò. **Men, se avèk gwo ofrann san Kris la ki te koule lè li te ofri tèt li tankou yon ti mouton san defo ni okenn enfimite.** —1 Pyè 1:18b, 19

**PA GEN LOT SAKRIFIS KI TE KAB WETE PECHE**  
Kifè nou netwaye anba peche nou yo [devni sen], **se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l fini.** —Ebre 10:10

**12** Se paske li bay san li pou nou kifè kounyeya Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye. —Women 5:9

Chonje m wi lè w'a vin pran gouvènman an nan men ou!  
—Lik 23:42b

Brigan sa a te kwè nan Jezi e-l te sove.



**Sa m'ap di ou la, se vre wi: Jòdi a ou pral avè m nan paradi.**  
—Lik 23:43b



Brigan sa a pa te kwè nan Jezi, poutèt sa li pat sove.

**Paske nou t'ap fè peche [t'ap dezobeyi Bondye] toujou lè Kris la mouri pou nou.** —Women 5:8b

## TOUT MOUN KI KWE NAN PITIT BONDYE A GEN LAVI 13

**Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.**  
—Jan 3:16

**Li rache nou anba pouvwa fènwa a, li fè nou antre nan peyi kote Pitit li renmen anpil la wa. Se gremesi Pitit sa a nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo.** —Kolosyen 1:13, 14

## 14 “LI LEVE VIVAN!”



**Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a. Enben, li pa isit la. Li leve vivan jan l te di a. Vini wè kote l te kouche a.**

—Matye 28:5, 6

## JEZI TE LEVE NAN LANMO 15

**Mwen se moun ki vivan an. Mwen te mouri, men kounyeya, mwen vivan pou tout tan. Mwen gen pouvwa sou lanmò ak sou peyi kote mò yo ye a.** —Revelasyon 1:18

**Paske m'ap viv, nou menm tou n'ap viv.** —Jan 14:19b

Paske Jezikri te gen laviktwa sou lanmò, e ke li kenbe kle lanmò, nou pa bezwen pè lanmò ankò.

**Lè mwen pè, se nan ou mwen mete tout konfyans mwen.** —Sòm 56:3

(Gade nan paj 46, pou wè pwomès Bondye yo.)

**JEZI KAB SOVE OU E LAP LAPRIYE**  
Men, Jezi li menm toujou vivan. Li ka delivre tout moun, l'ap fè yo pwoche bò kote Bondye paske li menm li toujou vivan, l'ap lapriyé Bondye pou yo. —Ebre 7:24a, 25b

**16 OU MENM AK MOUIN KAB GEN LAVI ETENEL**



**Kilès wout wap pran?**

Jezikri se CHEMEN an ki mennen kote Bondye nan LAVI etènèl.

Djab la ou Satan se chemen ki mennen nan LANMO.

Ti gason sa a byen chwazi chemen lavi etènèl la.

**KI SA WAP CHWAZI? 17**

... Depi kounyeya chwazi sa nou vle sèvi a ....  
-Jozye 24:15

Chwazi lavi tande, pou nou ka viv, nou menm ansanm ak tout pitit nou yo. -Detewonòm 30:19b

**JEZI SE CHEMEN LAVI ETENEL LA**

Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou. -Travay 4:12

Se mwen menm sèl ki Granmèt la, Senyè a. Pa gen lòt ki ka delivre nou pase mwen menm!  
-Ezayi 43:11

**18 POUKI SA NOU DWE CHWAZI JEZI SI NOU VLE GEN LAVI ETENEL?**

**1. Se Kris ki te vini.**

... Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi .... -Jan 10:10



**2. Se Kris ki te renmen nou e ki te mouri pou nou.**

Pitit Bondye a ki te renmen m sitèlman li te rive bay lavi l pou mwen. -Galat 2:20b

Jezi te vin lòm, chè ak san tankou nou ... Konsa, lè li mouri, li detwi

Satan ki te gen pouvwa pou touye moun. Li 19 delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò. -Ebre 2:14, 15

**3. Se sèlman san Jezi ki remèd pou peche nou yo.**

Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, mwen mande pou yo vide tout san an sou lotèl la pou li ka wete peche (paolone) pèp la. Nou bay san an pou nanm nou. -Levitik 17:11b

Jezi, Pitit Bondye a, va netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo. -1 Jan 1:7b

Se gremesi Pitit sa a nou delivre (sove), nou resevwa padon pou peche nou yo. -Kolosyen 1:14

**20 4. Se Kris ki te leve nan lanmò.**



Nou konnen Kris la te leve sòti vivan nan lanmò, li pa gen pou l mouri ankò. Lanmò pa gen okenn pouvwa sou li. -Women 6:9

Li mouri pou tout moun. Konsa, moun k'ap viv yo p'ap viv pou tèt pa yo ankò, men y'ap viv pou moun ki te mouri epi ki te leve sòti vivan nan lanmò pou yo a. -2 Korent 5:15

Jezi te di, Paske m'ap viv, nou menm tou n'ap viv. -Jan 14:19b

**5. Nou dwe gen Lespri Kris la nan nou pou nou 21 ka resisite pou lavi etènèl.**

Kris la ap viv nan kè nou tou, li ban nou espwa nou gen pou n patisipe nan bèl pouvwa Bondye a. -Kolosyen 1:27b

Si Lespri Bondye ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a rete nan nou, li menm ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a, li va bay kò nou yo ki la pou mouri a lavi tou, pa pouvwa Lespri li a ki rete nan nou. -Women 8:11

**OU DWE SI KE LESPRI KRIS RETE NAN OU**

Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa pou Kris la. -Women 8:9b



## 22 JEZI RENMEN TOUT TI MOUN YO

Aprè sa, li pran timoun yo nan bra l, li mete men l sou tèt yo chak, li beni yo.

—Mak 10:16



“Jezi renmen-m, mwen konn sa, paske Bib la di mwen sa.”

Men, Jezi rele timoun yo vin jwenn li, li di: **23**  
Kite timoun yo vin jwenn mwen. Pa anpeche yo vini, paske peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li ye. —Lik 18:16

Konsa tou, Papa nou ki nan syèl la pa ta renmen wè yon sèl nan ti piti sa yo rive pèdi. —Matye 18:14

Sa pa fè diferans ki moun ou ye, ou ki kote ou rete, Jezi renmen ou e li te mouri pou ou. Jezi vle ou renmen li tou. Ou kab montre lanmou ou pou Jezi lè ou obeyi Li.

**Si nou renmen m, se pou n obeyi kòmandman m yo.** —Jan 14:15

Yon timoun moutre ou sa l’ap sòti nan sa l’ap fè. —Pwovèb 20:11a

## 24 KOUMAN OU KAB TWOUVE CHEMEN POU RIVE KOTE BONDYE

**1. Admèt ke ou menm se yon pechè (Wè paj 7).**

Tout moun fè peche. Yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. —Women 3:23

**2. Vini kote Bondye pa Jezikri.**

Se yon sèl Bondye a ki genyen. Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la. —1 Timote 2:5

Se poutèt sa, . . . li [Jezi] ka delivre tout moun, l’ap fè yo pwoche bò kote Bondye. —Ebre 7:25a

Jezi te di, Mwen p’ap janm mete moun ki vin jwenn mwen yo deyò. —Jan 6:37b

## 3. Repanti de peche ou.

(Repanti vle di: regrèt ase pou sispann fè peche.)

**Chanje lavi nou, tounen vin jwenn Bondye pou l ka efase peche nou yo.** —Travay 3:19

Senyè a pa pran twòp reta pou kenbe pwomès li yo, jan kèk moun kwè a. Okontrè, se pasyans l’ap pran ak nou, paske li pa ta renmen pèsonn peri, li ta vle pou tout moun tounen vin jwenn li. —2 Pye 3:9

**4. Konfese peche ou yo bay Jezi.** (Konfese vle di: pou di ou admèt.)



**25**  
Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, . . . l’a padonnen tout peche nou yo. —1 Jan 1:9a

**26** Sou lin anba sa yo, ekri 1 Jan 1:9a ke ou twouve sou min kap lapriyè nan paj 25.

---

---

---

---

## 5. Kite peche ou yo.


(Kite vle di: pa fè-l ankò, kite sa nèt.)

Moun k’ap kache peche p’ap janm wè zafè yo mache. Men, Bondye va gen pitye pou moun ki rekonèt peche yo, pou moun ki chanje lavi yo.

—Pwovèb 28:13

Pa fè mal, fè sa ki byen.

—Sòm 37:27a



Se paske li renmen nou kifè li delivre nou . . . Sa pa sòti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pèsonn pa ka vante tèt yo. —Efezyen 2: 8, 9

## 6. Kwè nan Jezikri. **27**

Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Senyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l leve sòti vivan pami mò yo, w’a sove. —Women 10:9

**Mete konfyans ou nan Senyè Jezi, epi w’a va delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou.**

—Travay 16:31b

28 7. Resevwa Jezikri nan lavi ou e nan kè ou.

Ou menm sèl kab louvri pòt kè ou, e invite Jezi antre ladan-l. Jezi te di: **Koute.**



**Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li, m'a manje ansanm avè l, l'a manje ansanm avèk mwen.**  
—Revelasyon 3:20

**Men, sa ki te resevwa l yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.**  
—Jan 1:12

YOU MODEL POU LAPRIYE

29

Si anvan ou pat janm priye, e ou bezwen èd lapriyè, ou kab swiv lapriyè ki ekri anba, kòm gid.



Chè Senyè Jezi,

**Mèsi paske ou te mouri sou lakwa pou wete peche mwen yo. Mwen regrèt tout move bagay mwen te fè. Souple, vini nan kè mwen e rete pou tout tan. Mwen konfye nan ou kounyeya pou netwaye kè mwen. Mwen pran ou pou ou kapab Sovè e Senyè pa mwen.**

**M priye nan non pa ou, Amèn.**

30 AVEK JEZI NAN KE OU, OU GEN LAVI ETENEL

**Bondye ban nou lavi ki p'ap janm fini an. Se nan Pitit li a li ban nou li. Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou.**

—1 Jan 5:11b, 12a

**Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m lan, ... deja sòti nan lanmò, li antre nan lavi.**

—Jan 5:24b

**Lè kò nou mouri, nou al rete kote Senyè a (2 Korent 5:8). Kris la ap viv nan kè nou tou, li ban nou espwa nou gen pou n patisipe nan bèl pouvwa Bondye a.**

—Kolosyen 1:27b

Si ou te mande Jezi padone ou peche ou yo, e ou kwè nan Senyè Jezikri kòm Sovè ou, ekri non ou nan lin anba a:

KOUMAN KONTINYE SWIV JEZI

31



Li vèse ki ekri nan Bib la (Pawòl Bondye a) chak jou, sere yo nan kè ou e aprann pa kè kèk vèse ki ka ede ou. (Gen anpil nan ti liv sa a.)

**Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo sòti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye.**

—2 Timote 3:16

32 PALE AK JEZI NAN LAPRIYE NENPOT LE OU VLE

**Di Jezi mèsi** pou tout bon bagay nan lavi a. **Bay Li glwa** pou sa Li fè pou ou e paske Li te sove ou. **Priye pou nenpòt sa ou bezwen.** Priye nan non Jezi.



**Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l kichòy ki dakò ak volontè li.**

—1 Jan 5:14b

**Nenpòt bagay nou mande Papa a nan non mwen, l'a ban nou li.**

—Jan 16:23b

**... Se pou yonn lapriyè pou lòt...**

—Jak 5:16

**Lapriyè pou moun k'ap pèsèkite nou.**

—Matye 5:44b

YON PRIYE JEZI TE MOUTRE DISIP LI YO

33

(You disip se yon moun kap swiv Jezi.)

Jezi te di disip Li yo, lapriyè konsa:

**Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volontè ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou l jòdi a. Padonnen tou sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. [Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn].**

—Matye 6:9b-13

Moun dwe aprann priyè sa a pa kè. Kreytin yo konn resite priyè sa a byen fò.

## 34 DIS KOMANDMAN YO MONTRE NOU JAN POU NOU VIV

(Egzòd, chapit 20)

4 *premye yo se konsènan lanmou nou pou Bondye*

1. Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm selman.
2. Piga nou janm fè okenn estati ni okenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la.... Piga nou adore yo, ni piga nou sèvi yo.
3. Piga nou sèvi mal ak non Senyè a, Bondye nou an.
4. Toujou chonje jou repo a pou nou mete l apa pou mwen.

Lòt 6 yo, se konsènan lanmou nou pou pwochen nou 35

5. Respekte manman nou ak papa nou.
6. Piga nou touye moun.
7. Piga nou fè adiltè (Adiltè se lè yon mari ou yon madanm pa fidèl.)
8. Piga nou pran sa ki pa pou nou.
9. Piga nou bay manti sou frè parèy nou.
10. Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou.

LE NOU OBEYI BONDYE SA FE LI REPONN LAPRIYE NOU YO  
Tou sa n'a mande l, l'a ban nou l, paske nou menm nou  
fè tou sa li mande nou, nou fè sa ki fè l plezi.

-1 Jan 3:22

## 36 2 PI GRAN KOMANDMAN YO

*Renmen Bondye*

1. Jezi reponn li: Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou. Se kòmandman sa a ki pi gwo, ki pi konsekan. -Matye 22:37, 38

*Renmen Pwochen Nou*

2. Men dezyèm kòmandman an ki gen menm enpòtans ak premye a: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. -Matye 22:39

Tout dis kòmandman yo (paj 34 ak 35) yo nan de pi gran kòmandman sa yo.



## SE RENMEN KI PI GRAN PASE TOUT 37

Min Gran Chapit Sou Renmen An

(1 Korent 13:1-8, 13)

<sup>1</sup> Menm si mwen ta konn pale tout kalite lang moun pale ansanm ak lang zanj yo pale, si m pa gen renmen nan kè m, bèl pawòl mwen yo pa pi plis pase yon tanbou k'ap fè anpil bwi, pase yon klòch k'ap sonnen. <sup>2</sup> Menm si mwen ta gen don pou m fè konnen mesay ki sòti nan Bondye, menm si mwen ta gen tout kalite konesans, menm si mwen ta konprann tout ti sekre ki kache, menm si mwen ta gen konfyans anpil nan Bondye pou m fè mòn yo chanje plas, si m pa gen renmen nan kè m, mwen pa anyen. <sup>3</sup> Menm si mwen ta bay tout byen mwen yo, menm si mwen ta bay kò m pou yo boule l, si m pa gen renmen nan kè m, sa, p'ap sèvi m anyen. <sup>4</sup> Moun ki gen renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p'ap anvye sò lòt moun. Li p'ap fè grandizè, li

38 p'ap gonfle ak lògèy. <sup>5</sup> Moun ki gen renmen nan kè li p'ap fè anyen ki pou fè moun wont, li p'ap chache avantaj pa l, li p'ap fè kòlè li p'ap kenbe moun nan kè. <sup>6</sup> Moun ki gen renmen nan kè li p'ap pran plezi l nan sa ki mal, li pran plezi l nan sa ki vre. <sup>7</sup> Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout bagay: nan nenpòt ki sitirasyon, li toujou gen konfyans nan Bondye, li p'ap janm pèdi espwa, l'ap toujou moutre jan li gen pasyans. <sup>8</sup> Renmen pa janm fini. Pouvwa pou bay mesay ki sòti nan men Bondye a pa la pou tout tan. Pouvwa pou pale langay gen pou fini yon lè, konesans gen pou disparèt.

<sup>13</sup> Kounyeya se twa bagay sa yo ki toujou la: se konfyans, se espwa, se renmen. Men, nan twa bagay sa yo, se renmen ki pi gran.

**BONDYE SE RENMEN LI YE**

Bondye se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo. -1 Jan 4:16b

## JEZI VLE OU TEMWAYE A LOT MOUN 39



(lakay ou, nan lekòl ou, nan legliz la, nenpòt kote ou ye)

Jezi te di: **Ale tounen lakay ou, nan mitan fanmi ou yo. Rakonte yo tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou.** -Mak 5:19b

## 40 KOUMAN OU KAPAB KONNEN YON VRE PITIT BONDYE

Konsa tou, n'a rekonèt fo pwofèt yo sou sa y'ap fè.

—Matye 7:20

Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seryozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwole kò ou. —Galat 5:22, 23a

### YON VRE PITIT BONDYE PADONNE LOT MOUN

Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou. —Matye 6:14

### 7 BAGAY BONDYE RAYI

Se moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun, se moun k'ap bay manti, se moun k'ap touye moun inonsan, se moun k'ap fè move lide nan tèt yo pou fè mechanste, se moun ki toujou pare pou fè sa ki mal, se fo temwen k'ap bay manti sou moun, se moun k'ap mete frè ak zanmi dozado. —Pwovèb 6:17-19

Fwi  
Lespri  
a



Travay  
Lachè

## TRAVAY LACHE: 41


... Imoralite, malpwòpte ak vis. Se sèvi zidòl, se fè maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil. Yonn anvye sò lòt, yo tafyatè, yo saf konsa, ak yon bann lòt bagay ankò y'ap fè... Moun ki fè tout bagay sa yo p'ap antre menm nan peyi kote Bondye wa a. —Galat 5:19-21

... Moun pèvèti k'ap sèvi fanm ak fanm, gason ak gason, ... piyajè yo .... —1 Korènt 6:9,10

## KITE JEZI RANPLI OU AK LESPRI E FE OU PWOP

... Men, kounyeya Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi I. Gremesi Jezikri, Senyè a, li mete nou apa pou li, li fè nou gras pa pouvwa Lespri Bondye nou an. —1 Korènt 6:11

## 42 SE VRE GIN LANFE



(Li Lik 16:19-26.)

Ou dwe si ke ou kwè nan Jezikri. Li va ekri non ou nan kaye sièl la.

Tout moun ki pat gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou. —Revelasyon 20:15

## JEZI SE SEL CHEMEN KI MENNEN 43 KOTE BONDYE


Bondye ban nou lavi ki p'ap janm fini an. Se nan Pitit li a li ban nou li. —1 Jan 5:11b

Peche peye nou kach: li ban nou lanmò. Men kado Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Senyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini. —Women 6:23

Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki dezobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo. —Jan 3:36

Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. —Jan 14:6

## 44 SE VRE GEN YON SIEL



Nan vizyon li nan Liv Revelasyon a, chapit 21, Jan te wè yon nouvo sièl e yon nouvell tè.

Li gen pou l cheche tout dlo nan je yo. P'ap gen lanmò ankò, yo p'ap nan lapenn ankò, yo p'ap janm plenyen ankò, yo p'ap janm soufri ankò. Tout vye bagay sa yo pral disparèt. Lè sa a, moun ki te chita sou fòtèy la di: Kounyeya mwen fè tout bagay vin nèf. —Revelasyon 21:4, 5a

Jan te wè tou vil sent la ki tap sòt desann nan sièl. Lavil la menm te an bon lò, li te klere kou kristal. Gwo wòch fondasyon miray lavil la te byen òne ak tout kalite pyè bijou gwo pri. —Revelasyon 21:18b, 19a

## JEZI TE ALE PARE YON PLAS POUR 45 TOUT MOUN KI KWE NAN LI

Jezi di yo: Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou. Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pat vre, mwen pa ta di nou sa. Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou. —Jan 14:1-3

### DI LOT YO BON NOUVEL SA A

Jezi te di: Ale toupatou sou latè, anonse Bòn Nouvell la bay tout moun. —Mak 16:15b

"Lè ou gen bon konprann, ou sove lòt moun.

—Pwovèb 11:30b



## 46 KEK PWOMES BONDYE FE PITIT LI YO

Mwen p'ap janm vire do ba ou, mwen p'ap janm lage ou.  
—Ebre 13:5b

Bondye ap pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou, pou yo pwoteje ou kote ou pase. —Sòm 91:11

Pèsonn pa ka rache anyen ki nan men Papa a.  
—Jan 10:29b

Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.  
—Matye 28:20b

Ou pa bezwen pè pou sa ou pral soufri ankò. . . . Men, kenbe fèm menm si nou gen pou n mouri. M'a ban nou lavi pou rekonpans.  
—Revelasyon 2:10

Rele m, m'a reponn ou. —Jeremi 33:3a



## JEZI AP RETOUPEN

47

Tout mò yo va leve ankò.

Lè a pral rive: tout mò ki nan tonm yo pral tande vwa li, yo pral leve sòti vivan nan tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Men, tout moun ki fè sa ki mal pral leve pou resevwa kondannasyon yo.  
—Jan 5:28b, 29

Sa yo ki te mouri nan Kris va leve anvan.

Aprè sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki sòti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nyaj yo pou n'al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Senyè a.  
—1 Tesalonisyen 4:17

Pa kite dòmi pran nou. Paske nou pa konnen ki lè lè a va rive.  
—Mak 13:33b



## 48 KOUMAN JEZI AP RETOUPEN?



Gade. Men Kris la ap vini sou tèt nyaj yo! Tout moun pral wè l. — Revelasyon 1:7a

Pran prekosyon ak fo kris e ak fo pwofet yo.

Lè sa a, si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon: Men li bò la a, pa kwè li. Se pou si yo di nou: Gade, men l nan dezè a, nou pa bezwen ale. Osinon, si yo di nou: Gade, men l kache bò isit la, nou pa bezwen kwè yo. —Matye 24:23, 26b

### JEZI VA VINI BYEN VIT SOU NWAY YO

Tout nasyon ki sou latè va pran kriye. Y'a wè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini anwo nyaj yo nan syèl la, avèk pou-vwa, nan mitan yon bann bèl bagay.  
—Matye 24:30b

## SOM BEJE A

(Sòm 23)

<sup>1</sup>Senyè a se gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen. <sup>2</sup>Kote zèb yo pi bèl, se la li fè m pran repo. Kote dlo a koule poze, se la li mennen m bwè. <sup>3</sup>Li fè m reprann fòs. Li fè m mache nan chemen dwat, pou sa sèvi yon lwanj pou non li.

<sup>4</sup>Menm si m'ap pase nan yon ravin kote ki fè nwa anpil, mwen p'ap pè anyen, paske, Senyè, ou la avèk mwen. Se baton ou ak gòl ou ki fè kè m pa kase. <sup>5</sup>Ou pare yon tab pou mwen devan je tout lènmi m yo. Ou resevwa m, ou fè kè m kontan ou ban m tou sa m bezwen.

<sup>6</sup>Wi, mwen konnen w'ap toujou renmen m, w'ap toujou bon pou mwen pandan tout lavi m. Se lakay ou m'ap rete tout tan tout tan.

If you are interested in receiving additional studies of God's Word, write to the publisher:

World Missionary Press, Inc.  
P.O. Box 120  
New Paris, IN 46553-0120 USA

Gratis – pa pou vann

2214 Kreyol (Haitian Creole) WTG

